**SUMMARY.** This article discusses new ways in which cinema can influence the audience. These methods have been widely analyzed and demonstrated by Karakalpak, Uzbek and world filmmakers.

## JASLARDA MUZÍKALÍQ, ESTETIKALÍQ MÁDENIYATTÍ QÁLIPLESTIRIWDIŃ SHÁRT-SHARAYATLARÍ

**Karamatdin Zaretdinov** – *"Texnogen hám kórkem ónertanıw" fakulteti dekanı, docent*

**Tayanısh sózler:** muzıka, estetika, tarbiya, pedagog, metod, radio, televidenie, ádebiyat.
**Ключевые слова:** музыка, эстетика, воспитание, педагог, метод, радио, телевидение, литература.
**Key words:** music, aesthetics, education, teacher, method, radio, television, literature.

Musılman mámleketleri, ásirese, qaraqalpaq xalqınıń ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiyasına tán tiykarǵı ózgeshelikleri basqa milletler tárbiyasınan ózgeshe túrde ulıwmainsanıylıq nızam-qaǵıydalarǵa beyimligi menen xarakterlenedi. Bul tábiyat sistemasınıń ózine tán ózgesheligi bul úlkenlerge tereń húrmet etiw, olardıń aldında ádep-ikramlılıqtı saqlaw, olardıń ótinish yamasa tileklerin sózsiz orınlaw, olardıń buyırǵan jumısların tolıq orınlawǵa úyreniwi menen ajıralıp turadı.

Jaslar tárbiyasında, ásirese, studentlerdi ruwxıy-aǵartıwshılıq tárbiyalawda isenim usılı tiykarǵı orın iyeleydi. Pedagog ilimpazlardıń pikirine qaraǵanda isendiriw - metod sıpatında ótiw kerek ekenligi kóp jıllar dawamında tán alınǵan.

Shaxs, ásirese studentler qanday da bir jumıstı ámelge asırıwdan aldın óz háreketleriniń aqibetti nátiyjesin onı qorshap turǵan ortalıq hám jámááttiń talabı menen salıstırıp kóredi hám óz abırayın joytpaw ushın háreket etedi.

Isendiriw usılı muzıka oqıtıwshısı ushın da áhmiyetli metod bolıp, ol oqıwshılardıń sezimine, ruwxına tereń tásir etiwshi qural sıpatında, muzıka dawısları astında tabıslı ámelge asırıladı. Ásirese, muzıkalıq qádiriyatlar studentlerdiń dúnyaqarasın qáliplestirip olardıń túsinigine, oy-pikirine, sociallıq qatnasıqlarına, waqıyanıń túp mánisine tereń jetip barıwǵa imkaniyat beredi.

Muzıkalıq dógerek oqıtıwshısı oqıwshılarǵa jetkeriwdi qálegen ideyanı isenimli etip túsindirse hám onıń ruwxın háreketke keltire alsa ǵana oqıwshılardı muzıka bilimlendiriwiniń túrli iskerliklerine tartıwı múmkin, yaǵnıy student óz qálewi menen miynet etiwge kirisedi. Bunda oqıtıwshınıń sheberligi, janlı sóylesiwi, sózlerdiń logikalıq tiykarlanǵan bolıwı, anıq faktlerge tiykarlanıwı, sezim-tásiri menen óz pikirin ańlata alıwı studentlerdi óz tilegine jetisiwine imkaniyat beriwi múmkin. Ásirese, oqıtıwshınıń turmıslıq mısalları xalıq turmısı, milliy dástúrler hám qádiriyatlarına súyenip aytqan sózleri oqıwshılardıń tınıshsızlanıwına hám isenim menen, belsendi miynet etiwine alıp keledi.

Studentlerdiń oy-pikiri bárkamal bolıp ósiwinde oqıw ornı jámááti, ata-analar, túrli ǵalaba xabar quralları, radio, televidenie, ádebiyat, kórkem ónerdiń hár qıylı tarawları hám ásirese muzıka kórkem óneri áhmiyetli rol oynaydı.

Tájiriybeli muzıka dógeregi oqıtıwshısı studentlerdiń milliy muzıkalıq-estetikalıq tárbiyasın tabıslı ámelge asırıwda onıń turmısı menen tikkeley baylanıslı bolǵan insanlar menen birge islesiwde jumıs alıp baradı. Ásirese, óspirim jastaǵı studentler oǵada qızıǵıwshı bolıp, olar jaqsı kórgen filmlerdiń ayırım muzıkaların yaki qosıqların tez yadlap aladı. Studentlerdiń milliy muzıkalıq-estetikalıq tárbiyası tiykarınan tómendegi formada ámelge asırıladı.

Studentlerdiń milliy muzıkalıq-estetikalıq tárbiyasına tásir etiwshi pikirler, jetekshi sezimler bulardan: 1) Oqıw ornında - túrli pán oqıtıwshılarınıń óz ara qatnasıqları, dógerekler (ásirese muzıka dógeregi), kurslasları, sabaqtan tısqarı mákemelerdegi muzıka basshılarınıń jeke úlgisi 2) Shańaraq aǵzalarınıń shańaraqqa múnásibeti, shańaraqtıń aǵzalarınıń óz ara húrmet hám itibarı, muzıka ónerine bolǵan qızıǵıwshılıǵı 3) Jámiyetlik, máhállede hám jámiyetlik orınlarda óz ara húrmet, radio, televidenie, kino, teatr, túrli tamashalar, toy-tamashalar hám basqalar kiredi.

Studentlerdiń milliy muzıkalıq-estetikalıq pikirin qáliplestiriwde ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiya áhmiyetli rol oynaydı. Hár qıylı faktorlar ishinde onıń ornı teńsiz, sebebi balalıq turmısın muzıkasız kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Nama-qosıq olardıń quwanıshına da, qayǵısına da sherik boladı. Jaqsı qosıqtan tásirlenip olardıń shorshıp turǵan qálbinde arzıw-niyetler oyatadı. Jaqsılıqqa, tuwrılıqqa umtılıw onı saqlaw hám jaratıw oyları payda boladı, kerisinshe jamanlıqqa

qarsı, ǵázebi hám qáhárin oyatadı, olar ózlerin oń qaharmanǵa salıstırıp jasawǵa umtıladi.

Olarda insan shaxsına tán bolǵan áhmiyetli ruwxıy ádep-ikramlılıq pazıyletler: ádep-ikramlılıq, ádep-ikramlılıq sezimler, watansúyiwshilik, ásirese ul balalarda áskeriy watansúyiwshilik, Watanǵa, ónip ósken jerine muhabbat, Ózbekstan gerbi, bayraǵı hám gimnine húrmet, ádepli intizam, insanıy sezimlerdi qádirlew bolıp tabıladı.

Muzıka kórkem óneri adamlardıń sezimlerine tásir etiwden tısqarı, dem alıw, qan aylanıw, júrek urıwı, bulshıq etler háreketi hám úlken miy biotoklarınıń ózgeriwine de tikkeley tásir kórsetetuǵını ilimiy tiykarda dálillenip berilgen. Sheber sazende, xızmet kórsetken artist Turǵun Alimatovtıń tanbur hám sazda atqarǵan "Chuli yiroq," "Munojot," "Tanovar" sıyaqlı qosıqları insandı tereń oyǵa toltıradı, uzaq ótmishti, turmıs keshirimlerin eske alıwǵa shaqıradı. Sazenda Tohir Rajabovtıń qashqar rubobında atqarǵan shox hám kewilge jaqın qosıqları bolsa, tıńlawshıǵa zawıq baǵıshlaydı, onıń júzin ashadı hám keypiyatın kóteredi.

Qaraqalpaq xalıq qosıqları atqarıwshılarınan, jıraw hám baqsı sazendelerinen: Aytjan Xojalepesov, Ansatbay Qayratdinov, Ǵayrat Ótemuratovlar oǵada sheberlik penen atqarǵan shıǵarmaları studentlerdi ádep-ikramlılıq mádeniy ruwxta tárbiyalawda úlken kúshke iye ekenligin kóremiz. Sonıń ushın mádeniy-estetikalıq jaqtan tárbiya alǵan adam, sol waqıtta joqarı ádep-ikramlılıq pazıyletke de iye boladı. Studentlerdi muzıkalıq-estetikalıq ruwxta tárbiyalaw ádep-ikramlılıq tárbiyasınıń ajıralmas bólegi esaplanıwı kerek, olar menen birgelikte bul procesti alıp barıw usınıs etiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Маънавий-маърифий ишлар самарадорлигини ошириш ва соҳани ривожлантиришни янги босқичга кўтариш тўғрисида. Ўзбекистон Республикаси Президентининг ПҚ-3160-сон қарори. 2017 йил 28 июль.
2. Аннамуратова С. Педагогические основы художественно-эстетического воспитания старшеклассников, во внеклассные работы. Дисс. Докт.пед.наук. – Т., 1991. – 427 стр.
3. Артиков Н. Формирование нравственной личности учащихся на основе национальных и общечеловеческих ценностей: Дисс. Докт. Пед. Наук. – Т, 1998. – 320 стр.
4. Верб.М.А. Педагогические основы формирования эстетической культуры старших школьников / Ленинград. Пед. Ин-тим. А.И.Герцена. – Л.1980. – 80 с.
5. Ирзаев Б. Ўзбек мусиқа маданияти тарихи саҳифаларидан. – Т.: Академнашр, 2017. – 160 б.

**REZYUME.** Jaslar, ásirese, studentlerdi ruwxıy-aǵartıwshılıq hám muzıkalıq-estetikalıq tárbiyasında isendiriw usılı muzıka oqıtıwshısı ushın áhmiyetli metod ekenligi, muzıkalıq qádiriyatlar studentlerdiń dúnyaqarasın qáliplestirip olardıń túsinigine, oy-pikirine, sociallıq qatnasıqlarına, waqıyanıń túp mánisine tereń jetip barıwǵa imkaniyat jaratıwı hám ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiya áhmiyetliligi haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** Речь идет о том, что метод воспитания молодежи, особенно студентов, в духовно-просветительском и музыкально-эстетическом воспитании является важным методом для учителя музыки, музыкальные ценности формируют мировоззрение студентов, создают возможность глубокого доступа к их пониманию, мышлению, социальным отношениям, коренному смыслу события, а также о важности духовно-нравственного воспитания.

**SUMMARY.** This refers to the fact that the method of educating young people, especially students, in spiritual-educational and musical-aesthetic education is an important method for a music teacher, musical values shape the worldview of students, create an opportunity for deep access to their understanding, thinking, social relations, the root meaning of the event, as well as the importance of spiritual and moral education.